

ALIH KODE LAN CAMPUR KODE SAJRONE CERAMAH AGAMA GUS MIFTAH

Kharisma Eka Pratiwi

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Ceramah minangka *komunikasi satu arah* ing endi panutur luwih dominan tinimbang mitra tuture. Ceramah nduweni tujuwan kanggo menehi informasi tumrap masyarakat, mula saka kuwi penceramah kudu pinter anggone olah basa. Salah sijine nggunakake campur kode lan alih kode kanthi tujuwan tertamtu. Ragam basa kasebut bisa ditemokake sajrone ceramah agama Gus Miftah. Adedhasar andharan kasebut, underan panliten iki yaiki : nggoleki wujud lan guna alih kode lan campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah. Ancase panliten iki yaiku, mangerteni wujud lan guna alih kode lan campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah. Tintingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku sosiolinguistik mligine campur kode lan alih kode. Teori kang digunakake yaiku teorine Soewito kang disangkuyung karo teori liyanne. Dene metodhe kang digunakake yaiku dhiskriptif kualitatif. Dhata sajrone panliten iki dikumpulake kanthi cara nyimak video ing *youtube* banjur di transkrip lan dikelompokake miturut jinise banjur dianalisis.

Asile panliten iki yaiku nuduhake jinis alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah yaiku alih kode *internal* lan alih kode *eksternal*. Alih kode *internal* yaiku alih kode kang disebabake merga nyampurake basa siji lan basa liya sing cedhek bab gegorafise utawa isih saka 1 basa nasional. Dene alih kode *eksternal* yaiku lih kode kang disebabake merga nyampurake basa siji menyang basa liya sing adoh papan panggonanae lan beda basa nasional (basa manca). Wujude alih kode kang ditemokake ana 4, yaiku (1) Basa Jawa menyang Basa Indonesia, (2) Ngoko menyang Krama, (3) Krama menyang ngoko, (4) Basa Jawa menyang Basa Arab. Guna alih kode kang ditemokake yaiku (1) Nerokake hadits, dalil, lan omongane wong liya, (2) nggampangake materi ceramah, (3) menehi panglipur, (4) negesake materi, (5) nggampangake ukara, (6) ngajeni mitra tutur, (7) ngluhurake sing diomongake, (8) ngowahi kahanan, (9) nyemoni.. Wujud campur kode kang ditemokake ana 3, yaiku, (1) tembung, (2) *frasa*, (3) *idiom*. Guna campur kode yaiku, (1) nggampangake ukara, (2) ngraketake swasana, (3) gegojegan, (4) nuduhake identitas dhiri, (5) kanggo pasemon.

Tembung wigati : *ceramah, alih kode, campur kode, sosiolinguistik*

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Miftah Maulana Habiburrahman utawa luwih akrab karo jeneng Gus Miftah minangka penceramah agama Islam kang lagi digandrungi ing tengah masyarakat. Bab iki bisa dibutekake saka akehe penonton utawa *viewers* ing medhia *youtube* lan akehe penonton nalika pengajian Gus Miftah dilaksanakake. Dheweke uga penceramah sing aktif ing medhia sosial lan pengikut uga akeh. Bab kasebut ora mungkin kedadeyan yen Gus Miftah ora nduwe bab kang manjila sing bisa narik kawigatene masyarakat. Ceramah minangka *komunikasi satu arah* ing ngendi penceramah utawa panutur kang luwih dominan lan mitra tutur kang luwih *pasif*. Masiya kadhang ana *tanya jawab* nanging mung sawetara. Mula panutur luwih nduwe kuasa kanggo ngandharake apa wae kang dikarepake, kepriye pamilihane basa, gaya, lan sapiturute.

Ceramah agama nduweni tujuan kanggo menehi informasi utawa *mengedukasi* masyarakat, *mengedukasi* bisa ditegesi ndadekake wong liya ngerti/weruh, paham, lan narima maksud sing diandharake dening penceramah, mula saka kuwi penceramah kudu pinter-pinter anggone ngolah informasi utawa ilmu kang dinduweni kanggo diandharake menyang masyarakat. Kanggo nggayuh tujuan kasebut, penceramah kudu paham marang kahanan, sapa mitra tutur, apa topik kang lagi direbag, papan panggonan lan sapiturute, lan bab kasebut bisa nuwuhake dumadine alih kode lan campur kode.

Alih lan campur kode yaiku kahanan pralain basa saka basa siji menyang basa liyane (Soewito, 1983: 72). Sajrone masyarakat multilingual kaya masyarakat Indonesia iki, kaya-kaya ora mungkin yen masyarakat mung nggunakae siji basa wae. Tuladhane kebijakan pamrentah supaya kabeh masyarakat Indonesia ngwasai Bahasa Indonesia minangka basa

nasional nyebapae masyarakat Indonesia ngwasai luwih saki siji basa, merga saben suku ing Indonesia nduweni basa dhewe-dhewe. Masyarakat Indonesia uga akeh sing nyinaoni basa Inggris minangka basa Internasional, kanthi tujuan-tujuan tertamtu. Pangrembakane teknologi uga kawruh anyar uga nyebapake masyarakat dadi masyarakat kang multibasa (ngwasai luwih saka siji basa).

Sajrone ceramah agama Gus Miftah, alih kode lan campur kode ditindakake kanti tujuan-tujuan tertamtu salah sijine yaiku, merga penceramah agama Islam lan agama Islam kajane saka Al-Quran sing ditulis nganggo basa Arab, mula Gus Miftah kerep malih kode saka Basa Jawa menyang Basa Arab. Tuladhane diandharake ing ngisor iki :

- (1) Wonten setunggal dawhipun, Allah nate ngendikan *waintaudzu ni'matallahi latuqsuha*, lek kowe ki ngetung nikmat sing gusti allah mbok sampek kapan ora bakal isa. (Gus Miftah, 2019)
'Ada salah satu perkataan, Allah pernah bersabda *waintaudzu ni'matallahi latuqsuha* kalau kamu menghitung nikmat allah maka kamu tidak akan pernah bisa melakukannya'

Dhata (1) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode saka basa Jawa ngoko menyang basa Arab. Sajrone ceramah kang nggunakake basa Jawa minangka basa utama, ing tengah-tengah ukara Gus Miftah nyeseli ukara saka basa Arab sing unine '*waintaudzu ni'matallahi latuqsuha*' ukara basa Arab iku nduweni arti '*kalau kamu menghitung nikmat allah maka kamu tidak akan pernah bisa melakukannya*'. Ateges yen manungsa iku ora bisa ngitung nikmat sing wis tau diwenehake gusti Allah. Gus Miftah

nindakake alih kode kasebut uga nduweni maksut lan tujuwan yaiku neroake hadist Quran, gunane kanggo negesake materi ceramah lan supaya penonton luwih yakin lan pitaya karo apa kang diandharake.

Kejaba basa arab Gus Miftah uga kerep nggunakake Bahasa Indonesia kanggo malih kode, tuladhane ing ngisor iki :

- (2) Wong niku bola-bali kula matur *Allah itu tidak memandang orang yang mampu, tetapi Allah memampukan orang yang terpanggil*, kathah wong ra nduwe dhuwit niku isa mangkat. (Gus Miftah, 2019) 'Orang itu berulang kali saya bicara Allah itu tidak memandang orang yang mampu, tetapi Allah memampukan orang yang terpanggil, banyak orang tidak punya uang tetapi bisa berangkat'

Dhata (2) nuduhake anane alih kode saka basa Jawa menyang basa Indonesia. Ukara ing ndhuwur bisa kaaran alih kode internal merga basa Jawa lan basa Indonesia nduweni hubungan geografis. Ing wiwitan ukara Gus Miftah nggunakake basa Jawa banjur ing tengah ukara dheweke malih kode dadi basa Indonesia sing unine '*Allah itu tidak memandang orang yang mampu, tetapi Allah memampukan orang yang terpanggil*'. Ukara kasebut yen di basa Indonesiakake yaiku 'Allah kuwi ora ndeleng wong sing isa (sugih), nanging Allah mbisakake wong sing diceluk'. Yen dibasa Jawakake ukara kasebut kurang cocok karo tegese utawa karo apa sing di maksud.

Saka tuladha-tuladha ing ndhuwur bisa didudut yen pralian-pralian kode kasebut nduweni guna sajrone nindakae ceramah agama.

Adedhasar andharan ing ndhuwur, panliti kepengin neliti luwih rinci bab panggunane alih kode lan campur kode sajrone ceramah agama

Gus Miftah mligine wujud lan guna alih lan campur kode kasebut sajrone ceramah agama. Tintingan kang dienggo yaiku sosiolinguistik, merga sosiolinguistik minangka ilmu kang nyinaoni basa lan masyarakat panganggone.

Watese Panliten

Watese panliten guna apa kang kudu ditindakake sajrone panliten luwih jelas jluntrunge lan ora teka ngendi-ngendi. Panliten iki nлити babagan ragam basa ing ceramah agama Gus Miftah. Kang dadi objeke yaiku video ceramah Gus Miftah sing ana ing *youtube*. Titintingan kang digunakake yaiku tintingan sosiolinguistik kang ngonceki bab wujud alih kode lan campur kode.

Undere Panliten

Adhedhasar lelandhese panliten ing ndhuwur, undheran panliten sing dadi tema ing panliten iki yaiku :

- 1) Kepriye wujud lan guna campur kode lan alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah?
- 2) Apa wae guna campur kode lan alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah?

Ancase Panliten

Adhedhasar undheran panliten, mula ancas utawa tujuwan sing pengin digayuh yaiku :

- 1) Mangerteni wujud alih kode lan campur kode sajrone ceramah Gus Miftah
- 2) Mangerteni guna campur kode lan alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah

Paedah Panliten

Paedahe panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis

- 1) Paedah teoritis

Dikarepake panliten iki bisa nambahi kawruh lan migunani tumrap ilmu sosiolinguistik, mligine kajian variasi basa yaiku campur kode lan alih kode sing nduweni gegayutan karo ceramah keagamaan.

2) Paedah Praktis

Dene paedah praktis yaiku supaya panliten iki bisa didadekake sumber kawruh kanggo wong sing nduweni kaperluan utawa sapa wae sing mbutuhake. Kayata rujukan kanggo mangertni pangrembagan variasi basane Ustadz Nalika Medharake Ceramah utawa dakwah supaya luwih narik kawigaten lan nuwuhake variasi anyar.

Panjentrehan Tetembungan

Panjentrehan tetembungan digunakake supaya panliten ora metu saka konsep irah-irahan. Dene panjentrehan tetembungan panliten iki yaiku :

Basa yaiku sistem lambang kang *arbitrer* lan digunakake dening anggota masyarakat kanggo kerja sama, interaksi, lan ngidentifikasi diri (Kridalaksana, 2008: 24). Weinrich (sajrone Suwito, 1983: 39), dheweke ngandharake yen Bilingualisme yaiku kebiasaan nggunakake rong basa utawa luwih kanthi cara gentenan.

2) Sociolinguistik

Sociolinguistik yaiku gabungan antarane ilmu linguistik lan ilmu sosiologi. Saengga sociolinguistik yaiku ilmu kang nyinaoni basa lan panganggane basa ing konteks sosial lan masyarakat (Sumarsono, 2011:1).

3) Alih Kode

Alih kode (*code switching*) yaiku panggunane variasi basa liya utawa basa liya ing sawijine kedadeyan tuturan, minangka cara kanggo nyelarasake dhiri tumrap kahanan kang beda, utawa merga anane partisipan liyane (Kridalaksana, 2008: 9).

4) Campur Kode

Campur kode (*code mixing*) yaiku proses panganggane sawijine kode menyang kode liyane. Kode tetembungan netral, teges e, kode bisa ditegesi basa, sosiolek, dialek, utawa ragam basa (Sumarsono, 2011:201).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep-konsep ing Panliten iki

Tintingan teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan Sociolinguistik mligine Alih Kode lan Campur Kode. Sociolinguistik yaiku ilmu sing nyinaoni ciri lan variasi basa, lan hubungan antarane bahasawan klawan ciri fungsi variasi basa sajrone masyarakat basa. J.A. Fishman (sajrone Abdul Chaer, 2010:3). Teori kang dienggo kanggo nintingi panliten iki yaiku teorine Soewito sajrone bukune kanthi irah-irahan “*Pengantar Sociolinguistik:Teori dan Problema*” tahun 1983. Konsep-konsep ing panliten iki yaiku (1) Wujud alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah, (2) Wujud campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah (3) Guna alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah (4) Guna campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah.

Konsep alih kode

Kridalaksana (1982:6) kode yaiku simbol utawa sistem ekspresi sing dienggo kanggo njelasake maksud lan sistem basa sajrone masyarakat tertamtu. Alih kode (*code-switching*) yaiku kahanan tutur nalika ngenggo kode siji banjur malih ana ing kode liyane. Tuladhan panutur nggunakake basa Jawa banjur pindah ngenggo Basa Indonesia. Alih kode minangka salah siji aspek ketergantungan basa sajrone masyarakat multilingual. Sajrone masyarakat multilingual banget angele tumrap panutur mung ngenggo sak basa wae.

Holmes (2001:35) negesake yen alih kode iku nggambarake *jarak* sosial, *hubungan* sosial, utawa *tingkat formalitas* interaksi para panutur.

Gegayutan karo katrangan saka kode, alih kode bisa wae kedadeyan antar basa, antarvarian, antarregister, antarragam, utawa antargaya. Panggunane rong basa (utawa luwih) sajrone alih kode miturut (1983: 68) dititiki dening : (a) saben-saben basa isih nyangkuyung fungsi-fungsine dhewe miturut kontekse, (b) fungsi saben-saben basa dilarasake karo kahanan sing relevan. Titikan iku nuduhake yen sajrone alih kode, saben-

saben basa isih nyangkuyung fungsine kanthi eksklusif, lan peralihan kode bisa dumadi yen panutire ngrasa bab kasebut isih relevan.

Adedhasar klasifikasi basa, miturut Suwito (sajrone Chaer 2004: 114) alih kode diperang dadi loro yaiku kode internal lan kode eksternal.

1) Alih kode internal

Sajrone alih kode internal, basa-basa sing dienggo nduweni gandheng rumaket geografis lan genetis. Gandheng rumaket geografis berarti basa-basa sing nduweni panggon sing padha utawa cedhak. Nanging yen genetis berarti basa-basa sing dienggo nduweni gegayutan utawa kekerabatan utawa diarani sak basa turunan saka basa liyane

2) Alih kode eksternal

Sajrone alih kode eksternal, basa sumber ora nduweni kekerabatan utawa gandheng rumaket (*hubungan*) geografis utawa genetik tumrap basa target. Basa-basa sing ana sajrone alih kode eksternal ora nduweni gandheng rumaket. Tegese salah siji basa dudu turunan, anggota, utawavariasi saka basa liyane. Saka sisi geografis, keloro basa ana ing negara sing bedha

Konsep campur kode

Kridalaksana (1982:32) menahi watesan yen campur kode utawa *inferensi* minangka panggunane satuan basa saka basa 1 menyang basa liyane kanggo ngrembakake (*memperluas*) gaya basa utawa ragam basa, kalebu ing njerone panggunane tembung, klausa, idiom, sapaan, lan sapiturute. Campur kode dumadi yen panutur nggunakake 1 basa kanthi dominan kanggo nyangkuyung tuturan lan di sisipi unsur basa liyane. Bab iki biasane gegayutan karo karakteristik panutur, kaya ta *latar belakang* sosial, tingkat pendidikan lan rasa keagamaan. Biasane ciri kang manjila arupa kesantiaian utawa kahanan kang *informal*. Nanging bisa dumadi amarga winatese basa, angele golek padanan, saengga kepeksa

nggunakake basa liya, masiya mung nyangkuyung 1 fungsi.

Jendra (1991:123) menahi titikan ngenani campur kode kaya ing ngisor iki :

(1) Campur kode ora dipeksa dening kahanan lan konteks tuturan kaya ing gejala alih kode, nanging gumantung tumrap tuturan (fungsi basa), (2) Campur kode dumadi merga kesantiaian panutur lan kebiasaan sajrone nggunakake basa, (3) Campur kode umume dumadi sajrone kahanan kang ora resmi (*informal*), (4) Campur kode nduweni titikan sajrone ruang lingkup klausa sajrone tingkat tataran sing paling dhuwur lan tembung ing tataran sing paling rendah (5) Unsur basa seselan sajron kadadeyan campur kode ora nyangkuyung fungsi basa kang mandiri nanging wis dadi siji klawan basa kang wis diseseli.

Miturut Soewito (1983: 78) adedhasar unsur-unsur kebahasaan campur kode diperang dadi perang-perang bagean, yaiku :

1) Seselan (*penyisipan*) unsur-unsur sing awujud tembung

Tembung minangka unsur sing paling cilik sajrone dumadine ukara sing penting daphuke sajrone tata basa. Tembung yaiku kumpulan saka saperangan huruf sing nduweni makna. Tembung minangka unsur basa sing diwacarake utawa ditulis, minangka wujud saka pangrasa lan pikiran sing bisa dienggo sajrone basa. Saka segi basa tembung ditegesu minangka kombinasi morfem sing dianggep minangka bagean sing paling cilik sajrone ukara, yen morfem yaiku bagean sing paling cilik saka tembung sing nduweni makna lan ora bisa diperang maneh menyang wujud sing luwih cilik. Dadi tembung yaiku satuan basa sing ngadek dhewe, dumadi saka morfem tunggal utawa gabungan morfem.

2) Seselan (*penyisipan*) unsur-unsur sing awujud frasa

Frasa yaiku gabungan saka rong tembung utawa luwih sing asipat ora produktif, gabungan iku bisa rumaket utawa sewalike

Harimurti (2001: 59). Frasa yaiku kumpulan tetembungan sing ora nduweni predikat sajrone struktur kalimate, iku sing mbedakake frasa karo klausa.

3) Seselan (*penyisipan*) unsu-unsur sing awujud ungkapan utawa idiom

Idiom utawa ungkapan yaiku gabungan tetembungan sing mbentuk teges sing anyar lan ora gegayutan karo tembung dasare. Gabungan tembung iki yen ora ana kontekse bakal nduweni rong kemungkinan makna yaiku makna sing sabenere (denotasi) lan makna sing ora sabenere (makna kias utawa konotasi).

5) Seselan (*penyisipan*) unsur-unsur sing awujud klausa

Klausa minangka satuan gramatikal sing arupa kelompok tetembungan sing sora-orane dumadi saka subjek lan predikat, lan nduweni potensi kanggo dadine ukara, merga masiya dudu ukara klausa ora beda karo ukara, kejaba urung anane intonasi akhir utawa tanda baca sing dadi titikan saka ukara.

Seselan (*penyisipan*) unsur-unsur sing awujud dwilingga

Dwilingga minangka tembung sing dumadi merga asil saka reduplikasi. Reduplikasi yaiku proses ngambali tembung utawa unsur tembung. Mula saka kuwi reduplikasi dikenal kanthi maneka werna ing antarane yaiku reduplikasi penuh, reduplikasi sabagean, lan reduplikasi malihe swara. Reduplikasi bisa nyebapake owah-owahan bentuk lan makna.

6) Seselan (*penyisipan*) unsur-unsur sing awujud baster

Baster minangka asil campuran saka rong unsur basa sing beda lan mbentuk makna. Soewito (sajrone Ardiana, 2015:48). Baster yaiku bentuk sing ora asli tegese bentuk iki dumadi amerga patemon antaran afiksasi basa Indonesia karo unsur-unsur basa liya, utawa sewalike.

Gunane alih kode lan campur kode

Sajrone komunikasi sajrone masyarakat *multilingual* miturut Suwito (1983:85-87) umume campur kode lan alih kode ditindakake kanthi tujuan kaya ing ngisor iki :

1) Kanggo ngakrabake kahanan

Informasi utawa gagasan kang diandharake panutur, bakal luwih gampang dipahami utawa luwih cepet ditarima yen ana kecedekan emosional antara individu-individu kan ana sajronen kahanan tutur.

2) Kanggo Ngormati Mitra Tutur

Sajrone kahanan tutur antarane wong kang luwih tuwa klawan wong kang luwih enom, utawa wong kanthi status sosial kang luwih rendah klawan wong kang nduweni status sosial kang luwih dhuwur, alih kod lan campur kode kerep kedadayan kanthi tujuan kanggo ngajeni utawa ngormati mitra tutur.

3) Negesake (*meyakinkan*) topik tuturan

Kedadayan alih kode lan campur kode uga kerep digunakake nalika panutur negesi apa kang dadi topik tuturan.

4) Kanggo Guyonan (*Humor*)

Sajrone tuturan ing kahanan tertamtu, biasane dumadi alih kode kang ditindakake kanthi alih varian, alih ragam utawa alih gaya wicara kanthi tujuan mbangun rasa *humor* kanggo mecah rasa kaku. Alih kode iki ditindakake sajrone wujud menehi ilustrasi-ilustrasi utawa *anekdot*.

5) Kanggo winates gaya utawa gengsi

Masiya faktor kahanan, mitra tutur, topik ora mbutuhake anane alih kode, saengga ketok meksa, ora lumrah, lan ketok ora komunikatif.

Ceramah

Wina Sanjaya (2006: 147) ngandharake yen methode ceramah bisa ditegesi minangka cara nyajekake pelajaran lumantar lisan. Ceramah agama ditindakake lumantar komunikasi satu arah, ing ngendi penceramah minangka panutur lan penonton minangka mitra tutur.

Miturut Gilstrap lan Martin (sajrone Pujieni, 2014: 24) Ceramah asale saka basa

latin yaiku *lecturu*, *legu* (*legree*, *lectus*) sing artine maca banjur diartekake. Ing konteks ceramah agama, penceramah dianggep dadi guru kang ngandharake pasinaon saka maca buku (kitab al-Quran) banjur apa kang wis disinaoni diandharake menyang wong akeh utawa *jama'ah*.

Saka saperangan pamawas para ahli ing ndhuwur bisa di dudut yen ceramah yaiku tata cara nyampekake informasi utawa ilmu menyang wong liya kanthi cara lisan lan satu arah.

Profil Gus Miftah

KH. Miftah Maulana Habiburrahman, utawa luwih akrab karo jeneng Gus Miftah, lair ana ing Lampung 5 Agustus 1981. Panjenengane minangka kyai nyentrik asal Yogyakarta, sing tau *viral* sawise video dheweke sing ceramah ing salah sijine club malam sing nyebar ing medhia sosial, saengga akeh sing nggunem. Dheweke kanthi pendekatan persuasif, teru ngejak nindakake kebecikan lan supaya luwih cidhek karo gusti Allah. Nanging bab iki ora lumaku kanthi penak terus, akeh sing ora setuju lan nentang Gus Miftah. Sajrone nindakake ceramane Gus Miftah nduweni cara dhewe, dheweke ceramah ana ing papan panggonan sing dianggep reget utawa maksiat. Ing wiwitane Gus Miftah oleh curhatan saka salah sijine sing kerja ing papan kuwi mau, banjur dheweke nekat budal ana ing kana.

Sawis dakwah mlebu metu ana ing *dunia malam* dhewek ngedekake pondok pesantren lan dijenengi Pesantren “Ora Aji” ing Tundan, Purwomartani, Kalasan, Sleman Yogyakarta ing taun 2011. Dheweke milih jeneng ora aji sing merga nduweni makna ora enek manungsa kang ana artine ing ngarsane Allah kejaba amal ibadahe. Saliyane dadi pengasuh ing pondhok pesantren “Ora Aji” Gus Miftah uga nganakake pengajian umum ing pesantrene. Akeh artis, tokoh nasional uga melu pengajian. Gus Mifta sadar yen dheweke ora mung dibutuhake ana ing pesantren nanging uga ing njaba pesantren.

Banjur dheweke dakwah ing njaba pesantren, nekani undangan utawa ing panggonan binaane. Nanging ana bab kang unik sajrone sajrone ceramane Gus Miftah iki. Nalika uztadz liyae ngaji ing majelis, masjid utawa lapangan terbuka, dheweke ceramah ing panggon-panggon wanita malam, kaya ta club malam, kafe lan diskotik. Dheweke uga tau nganakake pengajian ing lokasi Sarkem utawa Pasar Kembang Yogyakarta. Jenenge banget terkenal sawise aktifitas dakwahnya ing club malam viral ing medhia sosial. Gus Miftah ora tau nanggepi bab wong sing kontra karo tata cara dakwaha, dheweke terus nduweni niat kanggo terus dakwah supaya manungsa sing urung apik isa malih dadi luwih apik.

METODHE PANLITEN

Panulis menehi wewatsan metodhe iki sajrone 3 poin kang penting yaiku, 1) ancangan panliten, 2) ubarampene panliten, 3) tatarane panliten

Ancangan Panliten

Sing ditindakake pertama dening panliti yaiku ngrancang tatarane panliten, supaya apa kang diandharake sajrone panliten bisa cetha lan gamblang. Ing subab iki bakal diandharake jinis, lan sipate panliten.

1. Jinis Panliten

Adedhasar wujud, panliten iki kagolong panliten kualitatif. Basrowi lan Suwandi (2008:1) ngandharake, panliten kualitatif yaiku jinis panliten kang ngasilake panemu-panemu kang ora bisa digayuh kanthi nggunakake prosedur statistik utawa kanthi cara kuantifikasi liyane.

2. Sipat Panliten

Jinis panliten sing digunakake yaiku panliten dheskriptif. Panliten dheskriptif yaiku panliten kang ngandharake lan nggambarake kahanan nggunakake deskripsi. Panliten

deskriptif yaiku panliten sing ngandharake kedadeyan utawa kahanan masyarakat (Sukandarrumidi, 2006: 104). Panliten iki ngandharake jinis-jinis alih kode lan campur kode lan faktor-faktor kang mangribawani dumadine alih kode lan campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah.

Ubarampene Panliten

Dhata lan sumber dhata sarone panliten alih kode lan campur kode sajrone ceramah Gus Miftah yaiku :

1. Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku samubarang kang ngasilake utawa ngripta basa kang diajab bisa ngasilake dhata utawa ngripta dhata kasebut, biyasan diarani narasumber (Sudaryanto 1993:35). Sumber dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku video ceramah agama Gus Miftah sing dijupuk saka *youtube*. Kanggo nggampangake anggone golek dhata merga video pengajian Gus Miftah ing *youtube* wis kliwat akeh, banjur panliti milih saperangan video kanggo *sampel*.. Sampel yaiku bagean

saka populasi sing dikarepake bisa makili populasi sajrone panliten.

Teori kang digunakake kanggo nggoleki sampel panliten yaiku teori purposive sampling. Teori purposive sampling yaiku teknik nentokak sampel kanthi pertimbangan tertamtu (Sugiyono, 2010:85). Ateges subyek kang dijikuk saka populasi dipilih kanthi sangaja adedhasar tujuan lan pertimbangan tertamtu.

2. Dhata

Dhata yaiku bahan panliten (Sudaryanto 1988: 9). Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud tembung, frasa, klausa, ukara saka anggone njingglengi sawijine rekaman utawa video ceramah Gus Miftah saka *youtube*.

3. Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake nalika nindakake panliten utawa ngumpulake dhata. Instrumen panliten

digunakak supaya metodhe-metodhe kang digunakake sajrone panliten cocog lan trep. Sajrone panliten iki, instrumenn kaperang dadi loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyangkuyung. Instrumen utama yaiku panliti dhewe minangka pawongan kang nggoleh lan ngolah dhata. Dene instrumen panyangkuyunge yaku rekaman video ceramah Gus Miftah ing *youtube*. Saliyane iku digunakake uga instrumen panyangkuyung kang arupa tabel *klasifikasi data*, ing ngisor iki :

Tabel Wujud lan Guna Campur Kode

No	Dhata	Jinis Dhata	Wujud Campur Kode	Guna

Tabel Wujud lan Guna Alih Kode

No	Dhata	Jinis Dhata	Wujud Campur Kode	Guna

Tatacara Panliten

Tatacara panliten kaperang dadi 3, yaiku (1) tata cara ngumpulake dhata, (2) tata cara ngolah dhata, (3) tatacara nulis asile panliten

1. Teknik Ngumpulake Dhata

Tatacara ngumpulake dhata ing panliten iki nggunakake 2 cara, yaiku kanthi cara nyimak lan nyanthet . Teknik nyimak yaiku teknik ngumpulake dhata kanthi cara njingglengi objek tanpa ngowahi dhata kang wis ana. Teknik nyathet yaiku ngumpulake dhata kanthi cara nyathet asile nyimak.

2. Tatacara Ngolah Dhata

Sawise ngumpulake dhata kang dirasa cukup kanggo panliten iki, banjur oanliti ngolah dhata. Kanggo ngolah dhata supaya ngasilake panliten kang rinci lan jangkep, panliti ngandharake kanthi tahap-tahap kaya mangkene.

(1) *Transkrip Dhata*

Sawise nentokakae sampel, tahap pertama yaiku nranskrip dhata. Panliti nransfer sampel dhata arupa rekaman video dadi teks (tulisan) wiwit awal nganti pungkasan kanthi utuh. Transkrip dhata tulis nggampilake panliti metani uga mantha-mantha dhata selaras karo undheran panliten.

(2) Klasifikasi Dhata

Sawise oleh dhata arupa teks/tulisan, mula panliti nindakake klasifikasi dhata kasebut mlebu alih kode utawa campur kode jinis apa. Dhata kasebut uga digunakake kanggo nggoleki faktor-faktor apa wae sing mangribawani dumadine alih kode utawa campur kode kasebut.

Tatacara nyuguhake dhata.

Metodhe kang digunakake kanggo nyuguhake dhata yaiku metodhe informal. Miturut Sudaryanto (1993:145) metodhe informal yaiku tatacara njlentrehake asil analisis dhata kanthi cara nggunakake ukara-ukara kang gampil dimangerteni.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Sawise nindakake panliten nggunakake teori lan metodhe ing ndhuwur, ditemokake asil panliten kang diandharake ing ngisor iki.

Wujud alih kode sajrone ceramah agama Gus Miftah

1. Basa Jawa Menyang Basa Indonesia

Basa Indonesia kerep dienggo minangka basa ke 2 dening Gus Miftah merga basa Indonesia minangka basa nasional kang wajib dikwasai dening masyarakat Indonesia, mula ukara-ukara saka basa Indonesia dirasa luwih gampang dipahami dening jama'ahe.

- (1) Mila bapak ibu yen digodha jin *wujudnya manusia jangan dibacakan ayat suci, caranya bagaimana, ambil kursi,*

kursinya lemparkan ke kepalanya, setan !! Ngono.

'Maka bapak ibu jika digoda jin wujudnya manusia jangan dibacakan ayat gaimana, ambil kursi, kursinya lemparkan ke kepalanya, setan !! Gitu.'

Data (1) nuduhake anane alih kode internal saka basa Jawa menyang Basa Indonesia. Ukara ing ndhuwur bisa kaaran alih kode internal merga basa Jawa lan basa Indonesia nduweni *hubungan geografis* utawa papan panggonane kang cedhek (sak negara) lan sak basa Nasional. Ing ceramhae Gus Miftah miwiti ukara kanthi basa Jawa, banjur ing tengah-tengah ukara dheweke nganggo basa Indonesia sing unine '*wujudnya manusia jangan dibacakan ayat suci, caranya bagaimana, ambil kursi, kursinya lemparkan ke kepalanya, setan*'. Yen di basa jawakake ukara kasebut unine '*wujude manungsa aja diwacakake ayat suci, carane piye, njikuk kursi, kursine diuncalake ning sirah setan*'.

Gus Mitah, ing ukara kuwi negesake menawa pagodan sing wujud *jun* utawa manungsa ora bisa ilang yen amung diwacakake ayat suci al-Quran. Kejaba ngandharake materi ceramah, Gus Miftah uga nyeseli unsur guyonan lumantar ukara '*ambil kursi, kursinya lemparkan ke kepalanya setan*', Kanthi logat rada mbanyol. Kabukti, lumantar ukara basa Indonesia kasebut jama'ahe padha ngguyu. Dadi, kang mangribawani dumadine alih kode kasebut merga modus tuturan kasebut yaiku panutur kepengin guyonan wae kanggo nuwuhake kahanan kang santai lan menehi panglipur tumrap jama'ahe.

2. Basa Ngoko menyang Krama

Kejaba nggunakake basa Indonesia kanggo kode 2, sajrone ceramhae Gus Miftah uga malih kode saka basa krama menyang ngoko utawa ngoko menyang krama merga faktor faktor tertamtu. Tuladhane kaya ing ngisor iki :

- (2) Bola-bali kula lek ngandhani kanca-kanca bupati *ngeten pak bupati, dados bupati niku kelase kados gula. Kopi niku tanpa gula pahit*, lek ana gulane rasane enak. Begitu kopi ketemu gula rasane enak sing dipuji kopine apa gulane? Gulane.

‘Berkali-kali saya memberi tahu pati, gini Pak Bupati, jadi bupati itu kelasannya seperti gula. Kopi itu tanpa gula pahit, kalau ada gulanya rasanya enak. Begitu kopi ketemu gula rasanya enak yang dipuji kopinya apa gulanya? Gulanya’

Data (2) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode *internal* saka basa Jawa ngoko menyang basa Jawa Krama. Ukara kasebut kaaran alih kode *internal* amarga basa siji yaiku basa Jawa ngoko lan basa k 2 yaiku basa Jawa krama asale saka rumpun basa kang padha lan nduweni hubungan kekrabatan geografis sing cedhek banget. Ing wiwitan Gus Miftah nganggo basa Jawa krama, banjur ing tengah-tengah ukara dheweke malih kode dadi basa Jawa Krama sing unine ‘*ngeten pak bupati, dados bupati niku kelase kados gula. Kopi niku tanpa gula pait*’. Ukara kasebut yen di ngokokake unine ‘ngene pak bupati, dadi bupati kuwi kkelase kaya gula. Kopi kuwi tanpa gula pait’.

Bab kang mangribawani pralian kode yaiku marga kanggo ngajeni bupati sing wektu kuwi teka ing ceramah Gus Miftah yaiku bupati Trenggalek. Kanggo ngajeni pak bupati, dheweke malih kode saka basa ngoko menyang basa krama. Nanging sawise kuwi Gus Miftah mbalik maneh nganggo kode 1 yaiku basa Jawa ngoko nalika ganti topik.

3. Basa Krama menyang Ngoko

Sajrone ceramah agama uga ditemokake wujud alih kode saka basa krama menyang basa ngoko. Tuladhane ana ing ngisor iki :

- (3) Gusti Allah saget ndadosaken prawan sampek kagungan putra nggih menika Maryam, *ning karyawane Pak Latip aja melu-melu kaya ngunu, ngko urung rabi meteng lek kuwi dudu Maryam ning diuntal codhot*.

‘Gusti Allah bisa menjadikan perawan sampeu punya anak yaitu Maryam, tapi karyawannya Pak Latip jangan ikut-ikutan, nanti belum niah hamil kalau itu bukan Maryam tapi dimakan codhot’

Data (3) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode *internal* saka basa Jawa Krama menyang basa Jawa Ngoko. Ukara kasebut kaaran alih kode *internal* amarga basa siji yaiku basa Jawa ngoko lan basa k 2 yaiku basa Jawa krama asale saka rumpun basa kang padha lan nduweni hubungan kekrabatan geografis sing cedhek banget. Ing wiwitan Gus Miftah nganggo basa Jawa Krama, banjur ing tengah-tengah ukara dheweke malih kode dadi basa Jawa Ngoko sing unine ‘*ning karyawane Pak Latip aja melu-melu kaya ngunu, ngko urung rabi meteng lek kuwi dudu Maryam ning diuntal codhot*’. Ukara kasebut yen di kramakake unine yaiku ‘nanging karyawanipun Pak Latip pun ndherek kados menika, mangke dereng simah meteng menawi niku sanes Maryam nanging dipun dhahar codhot’. Pralihan kode kasebut ditindakake kanggo menehi watesan antarane tuturan materi kang serius karo guyonan, lan ukara basa ngoko kasebut digunakake kanggo guyonan, nanging uga ana makna ing njero guyonan kasebut lan ora owal saka materi kasebut.

4. Basa Jawa menyang Basa Arab

Gus Miftah nggunakake basa Arab merga materi sing diandharake yaiku ceramah agama Islam sing kajiane nganggo Basa Arab (Al-Quran). Tuladha alih kode basa Arab sajrone ceramah agama Gus Miftah ana ing ngisor iki :

- (4) Kamangka ten Al-Quran wonten ayat sing unine *falla takraba hadihi sajarah*, nangig Adam karo Hawa kepangan omongane Iblis.
'Padahal dalam Al-Quran adaayat yang berbunyi jangan dekati pohon itu, tetapi Adam dan Hawa termakan omongan iblis'

Data (4) ing ndhuwur nuduhake anane alih kode eksternal saka basa Jawa ngoko menyang basa Arab. Ukara kasebut kaaran alih kode *eksternal* merga Indonesia lan Arab iku adoh banget, ora ana hubungan geografise. Sajrone ceramah kang nggunakake basa Jawa minangka basa utawa, Gus Miftah nyeseli ukara saka basa Arab sing unine '*falla takraba hadihi sajarah*' ukara kasebut nduweni teges yen ora oleh nyedhaki wit kuwi (wit quldi) apa maneh sampek mangan buah kasebut.

Pralian kode kasebut guna negesake materi sing diandharake dening Gus Miftah kanthi malihake Basa pertama yaiku basa Jawa, menyang basa ke loro yaiku basa Arab. Pralian kode kasebut ditindakake supaya jama'ah luwih yakin karo apa sing diandharake dening Gus Miftah. Sajrone ukara kuwi Gus Miftah njelasake Bab kesalahan sing nate ditindakake dening Adam lan Hawa yaiku mangan buah Quldi, kamangka wis di penging karo Gusti Allah.

Guna alih kode sajrone ceramah Agama Gus Miftah

Sawise entuk lan nganalisis data. ditemokake saperangan guna alih kode sajron ceramah agama Gus Miftah lan bakal diandharake ing ngisor iki :

1. Nerokake Hadist Quran, Dalil, utawa Tuturane Wong Liya

Minangka penceramah Gus Miftah kudu bisa nggawe jama'ah utawa wong kang ngrungokake yakin lan pitaya klawan apa kang

diandharake sajrone pengajiane. Gus Miftah minangka penceramah agama Islam lan agama islam lelendhetane yaiku al-Quran kang ditulis nganggo basa Arab. Banjur kanthi nuturake dalil utawa hadist sing ana sajrone al-Quran minangka lelandhesan materi ceramahe, jama'ah utawa wong kang ngrungokake bakal luwih pitaya karo apa kang diandharake. Saliyane hadist, pralian kode sing ditemokake sajrone ceramah agama Gus Miftah uga kanggo nerokake omongane wong liya.

2. Nggampangake Materi Ceramah

Minangka pnceramah Gus Miftah kudu bisa ngandharake materi ceramah kanthi gampang ditampa dening jama'ah utawa wong kang ngrungokake, luwih-luwih pasinaon kang becik bisa di trapake ana ing kauripan sabendinane. Mula pamilihing tembung kudu gampang dipahami dening wong sing ngrungokake. Kejaba pamilihing tembung, menehi tuladha-tuladha kang *konkrit* lan ora ndakik-ndakik bisa ndadekake wong kang ngrungokake bisa luwih paham, ora mung winates ngerti lan ngrungokake.

3. Menehi Panglipur (Guyonan)

Minangka penceramah Gus Miftah kudu bisa paham marang kahanane jama'ah. Pengajian kang diisi dening Gus Miftah rata-rata 1 sampek 2 Jam sing bisa ndadekake jama'ah jenuh. Mula kanggo mbangkitake kahanan len menehi panglipur kanggo jama'ah Gus Miftah kerep nyeseli guyonan-guyonan nalika ngandharake ceramahe. Tuladhane ana ing ngisor iki .

4. Negesake Materi Ceramah

Negesake materi ceramah tujuwane meh padha karo nerokake hadits, yaiku nggawe penontone yakin karoapa sing diandharake dening Gus Miftah. Merga ceramah sing ditindakake ceramah agama Islam, Gus Miftah kerep malih kode saka Basa Jawa menyang Basa Arab kanthi tujuwan negesake materi ceramah.

5. Nggampangake Ukara

Kadhang kala ukara-ukara saka basa liya ora ana utawa angel yen digoleki padanane sajrone basa Jawa, utawa tembung saka basa liya luwih dene *familiar* utawa kerep dienggo dening masyarakat. Kamangka minangka penceramah Gus Miftah kudu bisa nyampekake materi ceramah kanggo menehi weruh, utawa menehi informasi tumrap wong sing ngrungokake. Mula saka kuwi Gus Miftah kerep malih kode saka basa Jawa menyang basa liya.

6. Ngajeni Mitra Tutur

Penonton utawa jama'ah sajrone pengajian Gus Miftah asale saka maneka warna tingkatan umur lan maneka warna kalangan. Ana sing enom, ana sing tuwa, ana sing sugih ana sing mlarat, ana sing nduwe pangkat lan ana sing ora. Mula Gus Miftah kudu pinter-pinter anggone nyelarake basa klawan mitra tuture. Yen nindakake guneman fokus ana ing wong kang nduwe pangkat tuladhane Bupati, Gus Miftah mesthi malih kode sing sadurunge nganggo basa ngoko menyang basa krama.

7. Ngluhurake Sing Diomongake

Sajrone nindakake ceramah agama, penceramah ora bisa owal saka ngomongake leluhur-leluhur agama islam kang banget diajeni utawa diluhurake, tuladhane Nabi, sahabat Nabi, para wali lan sapiturute. Yen lagi ngomongake leluhur agama Islam bakal luwih pantes yen nggunakake basa kag luwih alus yaiku basa krama.

8. Kanggo Ngowahi Kahanan

Sajrone tindak tutur ceramah, ana titi wancine Guyon, ana titi wancine serius, ana titi wancine kahanan resmi ana titi wancine kahanan kang ora resmi. Bab kasebut ditindakake supaya kahanan ceramah ora *monoton*. Kanggo ngowahi kahanan saka resmi utawa ora resmi, saka ora resmi menyang resmi, Gus Miftah mesthi nindakake alih kode kanggo pangater-ater utawa watesan saka rong kahanan kasebut.

9. Kanggo Pasemon

Saliyane guna alih kode ceramah agama Gus Miftah sing diandharake ing ndhuwur, alih kode sajrone ceramah Agama Gus Miftah sing ditemokak uga kanggo pasemon.

Wujud campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah

1. Campur Kode Awujud Tembung

Campur kode iki dumadi merga ana seselan tembung saka basa liya, utawa basa-basa gaul menyang basa utama utawa kode 1. Wujud jampur kode tembung sajrone ceramah agama Gus Miftah bakal diandharake ana ing ngisor iki :

- (6) Pelawak niku bakale mlebu sorga,
ning cangkeme keru ning
neraka, rak ngono ta *bro*
'Pelawak itu bakal masuk
sorga, tetapi mulutnya
ketinggalan di neraka, gitu kan
bro'

Data (6) ing ndhuwur nuduhake anane campur kode merga seselan tembung saka basa Inggris yaiku '*bro*'. '*Bro*' minangka tugelan saka tembung '*brother*' sing tegese dulur lanang (*saudara laki-laki*) saka basa Inggris. Tembung *bro* pancen angel yen digoleki padanane sajrone basa Jawa.

Tembung '*bro*' digunakake Gus Miftah kanggo ngakrabake kahanan, tembung '*bro*' ditujokake kanggo salah siji penonton utawa jama'ah yaiku dhagelan sing jenenge Percil sing wektu kuwi lagi lungguh nek sandhinge Gus Miftah. Lumantar embung '*bro*' uga bisa ndadekak kahanan sing sadurunge serius dadi luwih santai.

2. Campur Kode Awujud Frasa

Sarone jinis campur kode iki, ana *frasa* disisipake sajrone tuturan ing basa utama. Tuladhane kaya ing ngisor iki :

- (7) Perkara ditrima apa ora iku
urusane gusti Allah *subhanahu*
wata'ala dudu urusanmu,

tugase awakedewe gur sholat,
ibadah.

‘Perkara diterima atau tidak itu
urusan Allah *subhanahu
wata’ala* bukan urusan kamu,
tugas kita hanya sholat, ibadah’

Data (7) ing ndhuwur nuduhake anane
campur kode merga ana seselan *frasa* saka basa
Arab *subhanahu wata’ala* kang nduweni teges
(Allah) maha suci lan maha besar. Frasa iki
pancen wis kelet tumrap tembung ‘Allah’
minangka sipat ketuhanan. Gus Miftah ora
bedha karo penceramah liyane, kerep nganggo
frasa-frasa Basa Arab sajrone ceramah, merga
materi agama kang disampekake pancen asale
saka kitab kang nggunakake basa Arab yaiku
Al-Quran.

3. Campur Kode Awujud *Idiom*

Idiom yaiku gabungan tetembungan kang
mbentuk arti anyar lan ora ana gegayutane
klawan tembung dasare. Tuladhane kaya ing
ngisor iki :

(8) Gek kiyai kok mbeta tisu
piyambak ta, wis Prawoto
abang raine.

‘Kiyai kok membasa tisu sendiri
ini gimana sih, Prawoto
wajahnya merah’

Data (8) ing ndhuwur nuduhake anane
campur kode merga seselan idiom kang unine
abang raine. Ukara kasebut kalebu tembung
entar utawa tembung kias. Ukara *abang raine*
nduweni makna ‘isin’ utawa ‘wirang’. Ukara
kasebut digunakake Gus Miftah kanggo
nyemoni salah siji panitia pengajian sing
jenenge Prawoto, merga kedadayan wektu
kuwi, panitia pengajian ora nyediani tisu
kanggo Gus Miftah.

Guna Campur Kode sajrone Ceramah Agama Gus Miftah

1. Nggampangake Ukara

Tembung-tembung saka basa liya
kadhang angel yen digoleki padanane ing basa
jawa. Kamangka minangka penceramah Gus

Miftah kudu bisa nggawe penontone paham
mula kanti nyisipake basa liya sajrone
ceramah bisa dadi solusi sajrone marekake
perkara iki. Panggunane basa liya digunakake
kanggo nggampangake ukara supaya Gus
Miftah luwih gampang anggone ngandharake
materi ceramah lan jama’ah bisa gampang
anggone mahami materi.

2. Ngraketake Swasana

Minangka penceramah Gus Miftah kudu bisa
nyiptakake kahanan kang nyenengake tumrap
jama’ah, kahanan kang santai nanging serius,
mula dheweke kerep nindakake campur kode
kanggo ngraketne swasana.

3. Gegojegan

Minangka penceramah Gus Miftah uga kudu
bisa nggawe jama’ah ora jenuh utawa waleh.
Mula dheweke kerep nindakake campur kode
sarana guyonan utawa gegojegan kanthi
tujuan kanggo panglipur jama’ah. Kanti
nggunakake tembung, utawa ukara kang
dianggap lucu bisa kanggo sarana panglipur
jama’ah.

4. Nuduhake Identitas Dhiri

Nindakake campur kode kadhang kala nduweni
tujuan kanggo nuduhake identitas dhirine,
kepinterane, kawruhe, status sosiale si panutur.
Semono uga Gus Miftah, dheweke sering
nganggo basa liya kanthi tujuan-tujuan
tertamtu. Nalika nggunakake basa Arab, Gus
Miftah kepengin nuduhake identitas dheweke
minangka kyai utawa pemeluk agama Islam,
nalika nggunakake basa Inggris dheweke
kepengin nuduhake yen dheweke bisa
nggunakake basa Inggris, lan nggunakake
tembung-tembung gaul supaya masyarakat
ngerti yen dheweke ora *kudet* (*kurang update*).
Dheweke kepengin nuduhake jati dhirine
minangka ustadz kang pinter, gaul, lan *update*.

5. Kanggo Pasemon

Saperangan alih kode sing ditemokake sajrone
ceramah agama Gus Miftah uga nduweni guna
kanggo pasemon.

Asile Panliten

Adedhasar andharan lan jlentrehan asil panliten ditemokake alih kode lan campur kode adedhasar wujud lan guna sajrone ceramah agama Gus Miftah. Alih kode diperang dadi 4, perangan 4 mau diolehi saka 2 jinis alih kode yaiku alih kode internal lan alih kode eksternal. Saka alih kode Internal, diolehi campur kode awujud saka Jawa menyang Bahasa Indonesia, ngoko menyang krama, lan krama menyang ngoko. Dene saka jinis alih kode eksternal diolehi awujud Basa Jawa menyang Basa Arab.

Wujud alih kode kang palng akeh ditemokake yaiku alih kode saka Basa Jawa menyang Bahasa Indonesia, pralian kode kasebut rata-rata kanggo nggampangake ukara merga angele golek padanan tembung. Alih kode Internal saka basa ngoko menyang basa krama akeh ditemokake merga anane undha usuk basa. Dene alih kode eksternal saka Basa Jawa menyang Basa Arab uga akeh ditemokake merga Gus Miftah nindakake ceramah agama Islam sing lelendhetane Al-Quran sing ditulis nganggo Basa Arab. Alih kode eksternal sajrone ceramah agama Gus Miftah amung nggunakake Basa Arab wae.

Sabanjure perangan-perangan kasebut dianalisis manut klawan guane. alih kode adedhasar gunane diperang dadi 9 yaiku, 1) Nerokake hadits, dalil, lan omongane wong liya, 2) nggampangake materi ceramah, 3) menehi panglipur, 4) negesake materi, 5) nggampangake ukara, 6) ngajeni mitra tutur, 7) ngluhurake sing diomongake, 8) ngowahi kahanan, 9) nyemoni.

Wujud alih kode kang diperang dadi 4 kuwi mau banjur diperang maneh adedhasar gunane. Ditemokake yen alih kode saka Basa Jawa menyang Bahasa Indonesia nduweni guna kanggo nerokake omongane wong liya, nggampangake materi ceramah, pasemon, negesake materi, lan nggampangake ukara. Wujud alih kode saka ngoko menyang krama nduweni guna kanggo ngajeni mitra tutur, ngluhurake sing diomongake, lan ngowahi kahanan. Dene guwa alih kode saka krama

menyang ngoko nduweni guna kanggo nggampangake materi ceramah, menhi panglipur, ngowahi kahanan lan kanggo pasemon. Dene gunane alih kode eksternal saka Basa Jawa menyang Basa Arab yaiku, nerokake hadits utawa dalil, negesake materi lan ngowahi kahanan.

Campur kode diperang dadi 3, yaiku awujud tembung, awujud frasa, lan awujud idiom. Campur kode sing akeh ditemokake sajrone ceramah agama Gus Miftah yaiku campur kode awujud tembung. Tembung sing akeh digunakake Gus Miftah sajrone campur kode yaiku saka Basa Inggris lan Basa Arab, ana saperangan basa Indonesia, lan basa Gaul. Dene frasa kang ake dienggo yaiku frasa saka Basa Arab lan ana saperangan saka Bahasa Indonesia. Dene Idiom kang digunakake saka Basa Jawa dhewe la Bahasa Indonesia.

Sabanjure perangan wujud alih kode kasebut dianalisis manut klawan gunane. Campur kode adedhasar gunane diperang dadi 5 yaiku, 1) nggampangake ukara, 2) mbangetake kahanan, 3) gegojegan, 4) Nuduhake Identitas dhiri, lan 5) pasemon. guna saka campur kode awujud tembung yaiku kanggo nggampangake ukara, mbangetae kahanan, gegojegan, lan nuduhake identitas dhiri. Campur kode awujud frasa nduweni guna kanggo nggampangake ukara lan nuduhake identitas dhiri. Dene campur kode awujud idiom nduweni guna kanggo gegojegan lan kanggo pasemon.

PANUTUP

Panggunane alih kode lan campur kode bisa ditemoni sajrone ceramah Gus Miftah kaya sing wis dianalisis ing panliten iki. Sajrone ceramane, Gus Miftah nggunakake basa Jawa minangka basa kang utama. Basa ke loro sing digunakake yaiku basa Indonesia formal, non formal, basa gaul lan basa manca. Basa manca sing kerep dienggo yaiku basa Arab lan kadhang kala nganggo basa Inggris. Bab iki ditindakake dening Gus Miftah kanthi sadhar

utawa ora supaya ceramahnya bisa ditampa dening jama'ah.

Dudutan

Saka asile analisis panliten, mula bisa di dudut yen sajrone ceramah agama Gus Miftah, ana kedadeyan alih kode lan campur kode. Alih kode kang ditemokake sajrone ceramah agama Gus Miftah yaiku alih kode *internal* lan *eksternal*. Dene wujud alih kode kang ditemokake ana 4 yaiku Basa Jawa menyang Bahasa Indonesia, Basa Jawa menyang Basa Arab, Basa Jawa ngoko menyang Basa Jawa krama, Basa Jawa krama menyang Basa Jawa Ngoko. Guna saka alih kode diperang dadi 9 yaiku, nerokake hadist Quran, dalil utawa omongan wong liya, nyederhanakake materi ceramah, menehi panglipur, nggampangake ukara, ngajeni mitra tutur, ngluhurake kang lagi diomongake, ngowahi kahanan, lan kanggo pasemon. Dene campur kode kang ditemokake wujud ana 3 yaiku, awujud tembung, awujud frasa, lan awujud idiom. Guna campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah diperang dadi 5 yaiku, nggampangake ukara, ngraketake swasana, gegojegan, nuduhake identitas dhiri, kanggo pasemon.

Pamrayoga

Panulis blaka yen panliten iki isih adoh saka tembung sampurna merga isih akeh kurange, mula saka kuwi panliti nduwe pangajab supaya ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa katindak luwih sampurna. Saliyane kuwi panliti nduwani pangajab ngenani kanggo panliten ngenani alih kode lan campur kode sajrone ceramah agama Gus Miftah yaiku, (1) isih akeh panliten ngenani alih kode lan campur kode ing basa Jawa kang durung diteliti nganti jeru, mligine kanggo mahasiswa Basa Jawa diajab luwih seneng nyinaoni lan nindakake panliten campur kode lan alih kode ing Basa Jawa. (2) panliten ngenani alih kode lan campur kode ing basa Jawa mligine alih kode lan campur kode sajrone ceramah sing wis ana, mes

thine nduweni luput lan kurang, mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki.



KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*: Jakarta Balai Pustaka
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Basir, Udjang Pairin. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Edisi kedua*. Surabaya: Bintang Surabaya
- Basromi dan Suwandi. 2008. *Memahami Penelitian Kuaitatif*. Jakarta: Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal Edisi Revisi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta
- Etik Yulianti. 2010. *Alih Kode lan Campur Kode sajrone Cerbung Dolanan Geni anggitane Suwendi Endraswara (Tintingan Sosiolinguistik)*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya
- Holmes, Janet. 2001. *An Introduction To Sociolinguistics*. Newyork: Longman
- Jendrea, I Wayan. 1991. *Dasar-dasar sosiolinguistik*. Denpasar: Ika Yana
- Keraf, Gorys. *Komposisi Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Ende-Flores: Nusa Indah
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Nababan, P.W.J. 1991. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1978. *Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta
- Rahardi, Kunjana. 2010. *Kajian Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Ghalia Indonesia.
- Soewito, 1983. *Pengantar Awal Sosiolinguistik: Teori dan Problema*. Surakarta: Henary Cipta.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa Pengantar Wacana Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto. 1998. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University
- Sukandarrumidi. 2006. *Metodologi Penelitian Petunjuk Praktis untuk Peneliti. Pemula*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sumarsono. 2007. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda
- Sumarsono. 2011. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sanjaya, Wina. *Strategi Pembelajaran*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group

Skripsi

- Arganata, Nicho. 2017. *Campur Kode lan Alih Kode Sajrone Pagelaran Wayang Kulit Purwa Kanthi Lakon Wahyu Makutharama Dening Ki Purba Asmara*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya

Roza, Ema Eliya. 2013. *Campur Kode dan Campur Kode Dalam Ujian Skripsi Mahasiswa Program Studi Bahasa Jawa*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya

Jurnal Online :

Nuryanto, Sri. 2014. *Code Mixing Used in SBY's Political Speeches Period 2009-2014*. Skripsi: Jurusan Bahasa Inggris, Fakultas Keguruan dan Ilmu

Pendidikan Universitas Muhammadiyah Surakarta)

https://eprints.ums.ac.id/28603/20/JURNAL_PUBLIKASI.pdf

Surana. 2017. *Aspek Sociolinguistik dalam Stiker Humor*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
<https://ejournal.upi.edu/index.php/lokabasa/article/download/19708927.pdf>

Surana. 2005., Et Al. "*Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada)*". Disertasi : Linguistik, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada
http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?act=view&buku_id=87892&mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&typ=html

Sutrisni, Sri. 2005. *Alih Kode dan Campur Kode Dalam Wacana Interaksi Jual Beli di Pasar Johar Semarang*. Tesis: Program Pascasarjana Universitas Negeri Semarang.
<https://lib.unnes.ac.id/16823/1/2101501012.pdf>

Permatasari, Adriani, 2015. *Alih Kode dan Campur Kode Ceramah KH AnwarZahid*. Tesis: Program Pascasarjana Universitas Diponegoro
<https://eprints.undip.ac.id/47253/>

Pujieni, 2014. *Pengaruh Pembelajaran dengan Media Audio Visual Terhadap Motivasi Dan Kemampuan Menulis Puisi Pada Siswa Kelas Sekolah Dasar di Kecamatan Cilongkok*. Tesis: Universitas Muhammadiyah Purwokerto)
<https://ejournal.unib.ac.id/index.php/juridikdasunib/article/viewFile/9764/4798.pdf>

Vinansis, Mundianita Rosita . 2011. *Alih Kode dan Campur Kode Bahasa Jawa dalam Rapat Ibu-ibu PKK di Kepatihan Kulon Surakarta*. Skripsi: Jurusan Sastra Daerah, Fakultas Sastra dan Seni Rupa, Universitas Sebelas Maret
<https://eprints.uns.ac.id/6979/1/191851611201103391.pdf>